



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

**Pou Piblikasyon Imedya:** 29 mas 2014

### **PWEN ENPÒTAN YO NAN AKÓ BIDJÈ ETA 2014-2015**

Yo te jwenn yon akò sou bidjè eta 2014-15 e tout fakti bidjè yo te enprime. Bidjè a kenbe kwasans depans anba de pousan pou katryèm ane youn dèyè lòt, kontinye yon dosye disiplin fiskal ki te ranvèse pandan plizyè deseni nan bidjè eta kote depans yo te elve nan pousantaj ki pi wo pase enflasyon oswa kwasans revni pèsònèl. Bidjè a gen ladan \$1.5 bilyon dola nan soulajman taks sou pwopriyete pou mèt kay New York yo ki relye ak kondisyon sou plan ki apwouve pou gouvènman lokal yo vini pi efikas. Anplis, bidjè a mete aksan sou pi gwo investisman eta nan edikasyon jisak dat, sa ki gen ladan yon ogmantasyon de plis pase 5% nan èd pou lekòl; nan tout eta, jounen pre-k inivèsèl; ak yon lwa kosyonman pou modènize salklas yo; ansanm avèk siyati refòm pou fikse aplikasyon Baz Komen ak pwoteje elèv yo kont rezilta tè s wo nivo ki enjis; ak ranfòse ak sipòte Lekòl Chatè yo. Investisman yo ki enkli nan bidjè a pral rann New York pi ansekirite nan ranfòse penalite yo pou diminye sou mesaj tèks pandan wap kondwi, fè New York vin pi pwòp nan devlope fon pwoteksyon pou anviwonman, ak fè New York vin pi jis nan atribye finansman pou ede ogmante laj pou jèn yo jije.

#### **Prensipal pwen Bidjè 2014-15 la gen ladan:**

##### **Soulajman nan Taks:**

- **\$1.5 bilyon dola soulajman nan Taks sou Pwopriyete:** Bidjè a gen ladan yon nouvo kredi taks sou pwopriyete ki bay soulajman a mèt kay New York yo ak adrese yon nan pi gwo pwoblèm taks eta ki elve—ak diminye nan kantite gouvènman lokal yo. Pake soulajman taks sou pwopriyete a deziyen pou ankouraje gouvènman lokal yo pou pataje sèvis ak redwi chaj finansye sou kontribyab yo. Nan premye ane a anba plan refòm nan, Nouyòkè yo pral resevwa soulajman taks sou pwopriyete si gouvènman lokal yo rete nan limit taks sou pwopriyete a. Rediksyon taks sou pwopriyete a pral etann pou yon dezyèm ane nan jiridiksyon ki konfòme avèk barèm taks la e ki te mete yon plan sou pye pou ekonomize 1 pousan nan prelèvman taks yo pa ane, pandan twazan. Pandan lokalite yo kapab ofri yon varyete apwòch, plan an deziyen pou ankouraje gouvènman konte yo pou konvoke ak fasilite yon pwosesis ak soumèt yon plan nan nivo konte a

pou apwobasyon. Pandan twazan, pwogram lan pral tradwi nan plis pase \$1.5 bilyon dola nan soulajman taks dirèk sou pwopriete pou apeprè 2.8 milyon kontribyab.

### **Koupe nan taks ak kreye djòb:**

- **Koupe taks sou manifakti a zewo:** Akò Bidjè a ap bese kou pou fè biznis pou antrepriz manifakti yo, yo pral fè New York vin yon kote ki pi atiran pou antrepriz yo lokalize ak kreye travay. Bidjè a pral etabli yon 20 pousan reyèl kredi taks sou pwopriete pou antrepriz manifakti ki posede oswa lwe yon etablisman ak diminye pousantaj taks sou revni pou tout antrepriz manifakti yo ki soti nan pousantaj aktyèl 5.9 a zewo nan 2014 ak annaprè.
- **Akselere eliminasyon 18-A Sichaj Sèvis Piblik:** Bidjè a akselere eliminasyon evalyasyon tanporè 18-a pou tout kliyan yo. New Yòkè yo ap peye kèk nan to enèji ki pi elve nan peyi a, e evalyasyon sèvis piblik tanporè ajoute sou chaj sa a pou fanmi ak biznis yo ki an difikilte. Bidjè a pral fè biznis ak rezidan yo ekonomize \$600 milyon dola pandan twa pwochen ane yo.
- **Kontinye siksè REDC yo:** Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal te kreye nan 2011 te ranplase apwòch anwo anba a devlopman ekonomik avèk yon pwosesis ki konsantre sou fòs inik ak priyorite yo nan chak rejyon. Bidjè Egzekitif la gen ladann \$150 milyon dola nan nouvo finansman kapital devlopman ekonomik ak \$70 milyon nan kredi enpo Eta pou yon katryèm seri pwosesis REDC.
- **Akonpli angajman nan lwès New York:** Bidjè Egzekitif la satisfè angajman \$1 bilyon dola Gouvènè a pou revitalize ekonomi rejyonal Buffalo nan enkli \$680 milyon dola nan nouvo kapital apwopriyasyon pou pwogram “Buffalo Billion”. Kantite lajan sa a konplèman \$150 milyon dola kredi investisman ane anvan ak \$170 milyon dola nan kredi taks ki rezève nan Pwogram Excelsior Jobs pou bay tout \$1 bilyon dola pou inisyativ la.

### **Refòm enpòtan ak Envestisman nan Edikasyon:**

- **Èd Lekòl:** Bidjè a gen ladan yon \$1.1 bilyon dola— oswa 5.3% ogmantasyon nan èd edikasyon pou ane lekòl 2014-2015. Distri lekòl ki gen gwo bezwen yo ap resevwa plis pase 70 pousan ogmantasyon ki atribye pou ane 2014-15.
- **Enplemantasyon Refòm sou Baz komen:** Bidjè a adopte an lwa yon seri rekòmandasyon pou imedyatman amelyore aplikasyon Baz Komen nan Eta New York, enkli entèdiksyon “tès ti wonn” ofisyèl yo pou timoun pitit yo, pwoteje elèv yo kont tès wo nivo ki baze sou rezilta ki pa jistifye, asire ke tan enstriksyon an itilize pou anseye ak aprann men se pa nan kantite tès siplemantè ak pwoteje konfidansyalite elèv yo.

- **Jounen Konplè inivèsèl pre-k nan tout eta:** Bidjè Egzekitif la bati sou siksè premye jounen konplè pwogram pre-k ki finanse pa eta nan angaje pou investi \$1.5 bilyon dola sou yon peryòd senkan pou sipòte premye faz pwogram inivèl jounen konplè pre-k nan tout eta.

- **Pwoteje Lekòl Chatè yo:** Bidjè a ogmante finansman frè lekòl pou elèv lekòl chatè yo sou yon peryòd twazan: \$250 pa elèv pou premye ane a, \$350 dezyèm ane a, ak \$500 dola nan twazyèm ane a. Bidjè a pral egalman pwomote kwasans lekòl chatè yo nan adrese bezwen etablisman yo. Lekòl Chatè yo pral elijib pou finansman Pre-K.

- **Lekòl Entelijan yo:** Bidjè Egzekitif la rekòmande yon \$2 bilyon dola lwa bond obligasyon jeneral. Montan bon an ap sèvi a finanse teknoloji edikasyon nan lekòl, avèk pwòje elijib ki gen ladan amelyorasyon enfrastruktir pou pote wo nivo teknoloji nan lekòl ak kominote yo nan distri lekòl yo ak achte teknoloji nan salklas pou elèv yo itilize. Anplis, Lekòl Entelijan yo pral pèmèt investisman alontèm nan jounen konplè salklas pre-k atravè konstriksyon nouvo espas salklas pre-k, ranplase salklas mobil yo avèk espas salklas pèmanan ak fè investisman nan pwòje sekirite lekòl wo teknoloji.

#### **Restore Konfyans Piblik:**

- **Restore Konfyans Piblik:** Bidjè Egzekitif 2014-15 gen ladan nouvo refòm pou asire ke New Yòk yo gen konfyans ke ofisyèl ki eli yo ap sèvi yo avèk onètete ak transparans. Pwopozisyon sa yo gen ladan nouvo lwa sevè kont koripsyon ak podeven, yon egzamen sou finansman piblik ak eleksyon nan nivo eta nan itilize kous kontwòl 2014, etabli yon konsèy endepandan sou ranfòmman nan Komite Eleksyon yo, ogmante transparans kontribitè politik yo a komite depans endepandan ak divilgasyon kliyan ekstèn oswa kliyan yo nan lejislasyon eta ki te refere tankou lòbyis.

#### **New York pi Pwòp:**

- **Fon Pwoteksyon anviwònman:** Bidjè a gen ladan \$162 milyon dola pou EPF, yon ogmantasyon de \$9 milyon dola pou 2013-14.

#### **New York pi ansekirite:**

- **Diminye sou kantite jèn kap tèks pandan yap kondwi:** Bidjè Egzekitif la gen ladan lwa pou entansifye efò pou redwi frekans tèks pandan jèn chofè yo ap kondwi. Nouvo chofè ak jèn yo ki te kondane paske yo tap voye mesaj tèks pandan yap kondwi pral gen lisans yo sispann pou 120 jou nan premye ofans lan, ak pou yon lane nan dezyèm ofans lan.

#### **New York pi jis:**

Haitian Creole

• **Kreye komisyon Jèn, Sekirite Piblik & Jistis:** New York se youn nan sèl de eta ki kontinye pouswiv jèn 16-17 ane nan sistèm jistis kriminèl adilt la. Bidjè a gen ladan finansman pou Komisyon sou Jèn, Sekirite Piblik ak Jistis pou fè rekòmandasyon sou pi bon fason pou ogmante laj jiridiksyon jivenil la, amelyore rezilta pou jèn yo ak pwomote sekirite kominotè.

###

Wa p jwenn lòt nouwèl nan sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418